



## Entwodiksyon

Depatman Transpò Massachusetts (MassDOT) ak Otorite Transpò Massachusetts Bay (MBTA) mete tèt ansanm pou pwolonje MBTA Green Line nan minisipalite Somerville ak Medford. Lè yo mete sèvis tren lejè MBTA nan vil ki gen gwo popilasyon sa yo sa ap rezoud inegalite transpò sou distans long, sa ap pèmèt gen mwens machin sou wout lokal yo, epitou sa a ede batay kont efè tèmik ak lòt eleman polisyon lè a. Green Line Extension ap sipòte plan minisipal yo tou pou kwasans ekonomik lokal la, epitou l ap ofri moun k ap viv nan zòn Environmental Justice ak popilasyon andikape yo demenajman pi rapid pou djòb yo, lekòl, swen sante ak lòt kote.

Ou kapab jwenn enfòmasyon sou pwojè Green Line Extension nan sit wèb: [www.mass.gov/greenlineextension](http://www.mass.gov/greenlineextension).

## Evalyasyon Anviwònman ki Pibliye pou Revizyon Piblik la

MassDOT ak MBTA aplike pou jwenn lajan federal pou sipòte depans plan ak konstriksyon pwojè Green Line Extension. Lajan federal egzije pou nou konfòme nou avèk Lwa Nasyonal sou Politik Anviwònman (NEPA) anvan nou fè nenpòt gwo aksyon federal. Dapre NEPA, nou fèt pou bay konsiderasyon pou anviwònman an pandan pwosesis pou pran desizyon sou pwojè a. Administrasyon Federal Tranzit (FTA), yon administrasyon k ap fonksyone nan Depatman Transpò Etazini, se ajans federal prensipal pou pwojè Green Line Extension.

Enfòmasyon sou dokiman ak distribisyon pwojè a sipòte ak ogmante patisipasyon piblik la ak kowòdinasyon ajans yo, ki reprezante eleman enpòtan pou NEPA ak pwosesis devlopman pwojè a. Yon fason ki konfòm avèk règleman FTA, yo te prepare yon **Evalyasyon Anviwònman** (EA) kòm dokiman pou pibliye rezilta analiz ak konsekans ki prevwa sou anviwònman an nan egzekisyon pwojè Green Line Extension. EA ap divilge evalyasyon an pou piblik la, epitou l ap pèmèt lòt yo jwenn yon opòtinite pou bay remak ak kòmantè yo sou pwopozisyon yo, lòt posiblite yo, ak konsekans sou anviwònman an pou yo kapab itilize enfòmasyon

apwopriye yo pou pran desizyon ak pou detèmine pwojè final la.

EA pou pwojè Green Line Extension disponib kounye a pou piblik la revize ak pou fè kòmantè sou li. **Peryòd kòmantè pou EA ap fèmen nan dat 8 novanm 2011.** Gade ti bwat ki nan paj 2 pou jwenn enfòmasyon sou fason pou fè kòmantè yo.

Pifò enfòmasyon ki nan EA se enfòmasyon ki pa nouvo pou moun ki te patisipe nan revizyon leta sou anviwònman an ak pwosesis planifikasyon pou pwojè Green Line Extension.<sup>1</sup> EA rekòmande menm wout pou Green Line pwolonje – pou rive nan College Avenue ki nan Medford ak Union Square nan Somerville – avèk de (2) branch ak operasyon sitou nan dwa pasaj ki egziste nan MBTA Commuter Rail. Men kèk eleman ki nan pwojè a:

- Agrandisman/demenajman dis (10) pon ki la deja.
- Konstrikasyon sèvis piblik, miray sipò, ak miray anti-bwi nan koulwa a
- Demenajman ray MBTA Commuter Rail ki la deja yo.

<sup>1</sup>Pwojè Green Line Extension te resevwa apwobasyon eta a pou anviwònman an nan dat 30 jiyè 2010.



- Konstriksyon nouvo ray Green Line ak sistèm ki asosye avèk ray la (enèji, siyal, ak ekipman kominikasyon)
- Konstriksyon kat (4) nouvo vyadik (pon ki long).
- Konstriksyon yon bilding pou antreten veyikil ray lejè ak pou estokaj.
- Konstriksyon sèt (7) nouvo estasyon

Answit, MassDOT dakò pou konsevwa estasyon Somerville Community Path ant Lowell Street ak Inner Belt Road (toulède nan Somerville) kòm pati devlopman pwojè Green Line Extension. Alòske MassDOT deja fè plan estasyon Community Path, sa pa fè pati revizyon federal sou anviwònman an, epitou yo p ap konstwi li kòm pati Green Line Extension.

## Sa Ki Nouvo nan EA

Depi lè yo reyalize pwosesis revizyon leta sou anviwònman an, MassDOT te fè mizajou ak chanjman nan yon kantite eleman analiz pwojè Green Line Extension. An patikilye, MassDOT te devlope analiz li sou plizyè pwoblèm enpòtan pwojè a, tankou lòt evalyasyon bwi ki prevwa ak konsekans vibrasyon pwojè Green Line Extension. Yo ajoute nouvo analiz sa a nan EA. Li rezime tou pwosesis konsiltasyon ki fèt pou konfòme nou avèk lwa ak règleman federal<sup>2</sup> ki pwoteje pak yo, zòn lwazi yo, ak resous istorik ak akeyolojik yo.

Angajman pou diminye risk yo endike nan Tablo ES-2 ak ES-3 nan Rezime Egzekitif EA.

<sup>2</sup>Seksyon 106 Lwa Nasyonal sou Konsèvasyon Istorik ak Seksyon 4(f) Lwa 1966 Depatman Transpò Etazini.

Men kèk dènye enfòmasyon yo ak eleman ki chanje nan EA:

- Analiz bwi ak vibrasyon anplis ak idantifikasyon mezi pou diminyon espesifik toutolon koulwa Green Line Extension.
- Revizyon nan aliyman ray yo ki toupre Red Bridge ak Brickbottom Artists Building pou ede diminye bwi ak konsekans vizyèl nèt, epitou pou amelyore operasyon MBTA Commuter Rail.
- Demenajman Estasyon Washington Street pou bay pi bon aksè nan katye a k pou diminye konsekans yo nèt sou pwopriete yo.
- Amelyorasyon nan konsèp plan estasyon an ki baze sou remak piblik la nou te resevwa nan reyinyon kominotè yo ak sesyon enfòmasyon ki te fèt pou piblik la.
- Mizajou nan pwojeksyon kantite pasaje yo pou ajoute rezilta sondaj ane 2009 ki te fèt sou pasaje onivo sistèm MBTA ak yon seri revize fiti pwojè rejyonal yo prevwa.
- Rezime korespondans ak sesyon konsiltasyon avèk Komisyon Istorik Massachusetts ak komisyon istorik lokal yo nan minisipalite koulwa Green Line Extension. Pandan sesyon sa yo, yo te revize ak evalye konsekans pwojè a nan resous istorik yo, resous lwazi yo ak resous akeyolojik enpòtan yo.


## Fason pou Fè Revizyon ak Kòmantè sou EA

Evalyasyon sou Anviwònman an (EA) disponib pou revizyon sou sit wèb pwojè a nan: [www.mass.gov/greenlineextension](http://www.mass.gov/greenlineextension). Li disponib tou nan bibliyotèk piblik yo ak nan biwo Sekretè Minisipal yo nan Cambridge, Medford, ak Somerville, epitou si ou fè demann lan, ou ka jwenn li nan men Regan Checchio (617-357-5772 oswa [rhecchio@reginavilla.com](mailto:rhecchio@reginavilla.com)).

### **Pou soumèt yon kòmantè alekri sou dokiman an, tanpri voye yon lèt ba MassDOT anvan 18 novanm 2011:**

Massachusetts Department of Transportation  
Attention: Katherine Fichter  
10 Park Plaza, Room 4150  
Boston, MA 02116  
[katherine.fichter@state.ma.us](mailto:katherine.fichter@state.ma.us)

- Dènne enfòmasyon pou estimasyon pri ak kalandriye pwojè a.
- Revizyon nan bilding antretyen veyikil ak estokaj pou pi byen sèvi bezwen operasyonèl MBTA. Revizyon sa yo gen ladan modifikasyon nan dispozisyon pak estokaj veyikil la; yon konfigirasyon revize bilding antretyen an; yon konstwiksyon transpò k ap ofri espas pou operatè yo, sipèvizyon liy, repatisyon nan pak la, ak sipèvizyon Green Line chak jou; epitou revizyon dispozisyon estasyonman anplwaye yo ki gen ladan estasyonman sou sifas ak estrikti pon yon sèl nivo.



*Elevasyon nòmal estasyon*

## Avantaj ak Konsekans yo

Avantaj ak konsekans ki prevwa nan Green Line Extension rezime an detay alafwa nan Rezime Egzekitif la ak kò EA. Rezime a gen ladan:

### Itilizasyon Teren ak Devlopman Ekonomik –

Aprè yon peryòd tan, yo prevwa Green Line Extension pral diminye itilizasyon komèsyal fèb entansite ak itilizasyon endistriyèl lejè nan koulwa pwojè a, epitou li pral ogmante divès kalite devlopman avèk itilizasyon komen, ak gwo dansite. Lè Green Line Extension bay plis aksè nan tranzit la, l ap amelyore alafwa posiblite pou devlopman lokal dirab ak posiblite moun k ap viv nan zòn nan pou yo deplase al travay lòt kote.

### Konsekans ou Teren –

MBTA ap bezwen achte apeprè 15 ak tè nan 39 pwopriyete prive pou li kapab konstwi Green Line Extension. Sou 30 pwopriyete yo, li dwe achte uit (8) okonplè pou konstwi estasyon yo ak bilding antretyen veyikil la. Deplasman ak demenajman kat (4) biznis aktif yo ap obligatwa; men, pa gen kay k ap deplase. Rès pwopriyete y ap achte yo se ti pwopriyete “mens” ki nesèsè pou ranje agrandisman koulwa a ak ogmantasyon ray Green Line.

**Environmental Justice** – Pwojè Green Line ap ogmante aksè nan tranzit la pou travay, edikasyon, ak swen sante pou popilasyon Environmental Justice ak popilasyon andikape yo.

**Sikilasyon Machin** – Green Line Extension ap konstwi wout ak modifikasyon siyal nan 12 kalfou pou ka evite chanjman negatif nan modèl sikilasyon ak mouvman machin yo. Y ap konstwi amelyorasyon pou pyeton yo tou nan 29 kote. Y pap bay estasyonman pou bisiklèt nan tout nouvo estasyon Green Line Extension pou pèmèt ak ankouraje moun deplase sou bisiklèt. Pandan konstwiksyon an, pral genyen fèmti liy, detou sikilasyon an, ak deplasman estasyonman nan lari pou yon ti tan nan kèk kote.

**Kalite Lè** – Green Line Extension ap ofri avantaj bon kalite lè rejyonal, pou satisfè yon angajman ki la lontan pou entwodui pwojè tranzit yo kòm yon eleman entegral pwojè Central Artery/Tunnel. Yo prevwa diminye kantite mil veyikil yo fè (VMT) pa jou a 25,728, pou amelyore kalite lè a, epitou pou ofri nouvo kapasite tranzit piblik pou devlopman yo prevwa nan minisipalite yo ki nan koulwa a.


**Bwi** – Menmsi Green Line Extension pral lakòz yon nouvo sous bwi nan zòn nan, miray anti-bwi, izolasyon fonik, ak gresaj ray ki pwopoze yo ap efikas nan diminye ogmantasyon bwi yo nèt. Pou zòn ki toutolon liy Commuter Rail ki la deja yo, yo prevwa fiti nivo bwi yo ap pi ba pase nivo bwi ki la deja yo akòz enstalasyon nouvo baryè anti-bwi yo. Aktivite konstwiksyon yo ap lakòz konsekans kwi pou yon ti tan.

**Vibrasyon** – Menm jan avèk bwi a, pwojè Green Line Extension ap entwodui yon nouvo sous vibrasyon. Men, diminisyon vibrasyon ki pwopoze a ap (1) kenbe nivo vibrasyon ray Commuter Rail yo lakòz nan oswa anba nivo ki la deja yo, epitou (2) l ap redui vibrasyon nouvo tren Green Line lakòz pou chak kritè federal yo detèmine pou konsekans yo. Mezi ki pwopoze pou diminisyon an gen ladan espas ki gen ti wòch, travay espesyal sou ray la, lyen ak atach ki rezistan (kawotchou oswa lòt materyèl ki rezistan nan mitan ray yo ak pou atach yo), ak antretyen pwofil wou ak ray la.


**Dlo wiso** – Green Line Extension ap lakòz yon diminisyon jeneral nè 1.2 ak tè nan espas enpèmeyab – espas pave kote dlo a kapab koule – nan koulwa Green Line Extension. Rediksyon sa a ap reyalize sitou lè yo retire estrikti ki la deja yo ak espas estasyonman enpèmeyab yo nan espas kote pral genyen bilding antretyen veyikil ak estokaj, epitou lè yo ranplase yo avèk zòn ki gen nouvo ray ak espas ki gen ti wòch. Y ap enstale sistèm detansyon/enfiltrasyon nan chak estasyon pou konsève ritm ekoulman dechaj dlo wiso yo. Y ap itilize Pi Bon Pratik




## Sekans Konstriksyon Nòmal



**1** Konstriksyon pon ak ray Commuter Rail apre yo chanje ray ki la deja



**2** Konstriksyon bilding Green Line



**3** Konstriksyon ki Fini



Jesyon Dlo Wiso pou diminye konsekans yo nèt nan aktivite konstriksyon an, tankou devlopman ak egzèkisyon yon Plan Prevansyon Polisyon Dlo Wiso (SWPPP) yon fason ki konfòm avèk règ leta ak règ federal, pou ranfòse pant yo avèk yon melanj ansanman idwolik, itilizasyon kontwòl pou seche dlo, ak enstalasyon egou.

## Lòt Zòn

- Pa gen marekaj ki anba kontwòl federal oswa leta nan koulwa Green Line Extension, epi yo pa prevwa pwojè a pral gen efè negatif sou pwason yo, lanati, oswa sou plant yo.
- Pa gen espès gouvènman federal oswa gouvènman leta endike ki an danje oswa ki menase ki nan koulwa Green Line Extension.
- Jan li nesese, MBTA ap rezoud espas kontamine yo dwe achte pou konstwi Green Line Extension.
- Selon sikonstans espesifik yo, pwotokòl pou kontwòle sibstans danjere yo itilize pandan konstriksyon an ka gen ladan jesyon espesyal sibstans, kontwòl pousyè, ak kontwòl oswa eliminasyon tè ak dlo anba tè ki kontamine. Y ap ofri pwoteksyon konvnan pou travayè yo ak pou nenpòt moun ki gen kay yo nan zòn nan.
- Pwojè a ta gen yon efè negatif sou sèt (7) resous istorik ki endike oswa ki kalifye pou fè pati lis Rejis Nasyonal Plas Istorik (Resous Kiltirèl/Seksyon 106 Lwa Nasyonal sou Konsèvasyon Istorik). Yon Memorandòm Akò ant FTA, MassDOT, MBTA ak Komisyon Istorik Massachusetts gen ladan mezi ki pran pou diminye efè negatif yo nèt, tankou dokiman fotografik achiv yo ak kreyasyon entèpretasyon istorik.
- Konsekans endirèk oswa kimilatif nan Green Line Extension gen ladan posiblite pou chanjman nan repatisyon zòn, devlopman entèkalè, ak chanjman nan modèl kwasans lokal ak rejyonal.

## Èske ou vle jwenn plis enfòmasyon?

Tcheke sit wèb pwojè nou an:  
[www.mass.gov/greenlineextension](http://www.mass.gov/greenlineextension).

Sit wèb Green Line Extension gen yon anpil kalite enfòmasyon sou pwojè a pou nenpòt moun ki vle konnen kichòy sou pwogrè a jouk jodi a.

